

ANYEN PA GASPIYEI



KONTAKTE NOU

311 | 305.468.5900

dswm@miamidade.gov

miamidade.gov/energyfromwaste

[@MiamiDadeSolidWaste](#)

[@miamidadeswm](#)



Yon dyagram nan Etablisman Rekiperasyon Resous kote plis pase 1 milyon
ton fatra ak dechè transfòme an enèji chak ane.



De fwa pa semèn, ou ranje bin vèt dechè Konte Miami-Dade ou a sou twota a epi youn nan chofè ramasaj yo vini, vide bin lan, ale ak dechè w la. Rele si w gen gwo dechè lakou, nan kèlke jou youn nan ekip gwo dechè a ap vin ramase l epi ale avèk li. Lwen je, lwen lespri.

Men kisa ki rive dechè a yon fwa li kite lakay ou? Èske li ale nan yon depotwa?

Kontrèman a sa moun kwè jeneralman, yon gwo pòsyon nan dechè ki ramase nan Konte Miami-Dade pa abouti nan depotwa. Pifò nan dechè yo – plis pase yon milyon tòn chak ane – trete nan lokal dechè-a-enèji nou an, Etablisman Rekiperasyon Resous la.

Nou itilize otan dechè kolekte ke posib nan kèk fòm. Ou kapab di sa, nan Depatman Jesyon Dechè Solid Konte Miami-Dade,
ANYEN PA GASPIYE.



Yon fwa dechè yo rive nan Etablisman Rekiperasyon Resous la, li divize an de gwoup : dechè menaje (tankou dechè kizin lakay ou) ak fatra lakou (tankou retay zèb ak retay pyebwa, ak vye mèb).

Yo boule majorite dechè yo nan yon sit pou kreye ase elektrisite pou lokal a plis 35000 kay. Gras a yon akò avèk Vil Homestead, nou "kenbe bagay yo lakay." Dechè yo a fè pati dechè nou sèvi pou kreye enèji elektrik, nou transmèt enèji elektrik sa a bay Homestead pou bay rezidan vil a ak biznis yo koutran.

Yo sèvi ak dlo a pou kreye vapè ki vire tibin yo pou fè enèji elektrik re-itilize sou plas anpil fwa youn dèyè lòt.

Ensinerasyon ede nou redwi volim dechè ki , san sa, tap ale apeprè a

90% nan depotwa. Mete sa yon lòt jan, pou chak san kamyon dechè ki vini nan lokal dechè-a-enèji epi ki ensinere, sèlman 10 kamyon sann bezwen jete.yo antere sann sa yo sou plas nan yon depotwa espesyal yo rele "selil ". Paske se sèl fòm dechè yo jete la. Men, kounye a nou ap eseye itilize enpe nan sann se yo omwen nan pwodiksyon siman siman de preferans.

Anvan - aprè - dechè a boule, nou retire plizyè tòn metal ferou (panse a kwiv ak fè) ak metal non-ferou (panse a alimiñyòm). Metal sa yo kapab vin itil ankò kòm objè résible.

Èske ou wè syèl ble sa yo ki an-viwone plant la? Sistèm kontwòl kalite lè dènye kri hou an vle di ou pap wè lafimen nan etablisman dechè-a-enèji nou an.



Nou menm retire patikil ki ka sèvi pou kabiran – tankou sòl. Patikil sa yo soti nan dechè yo epi nou sèvi ak yo chak jou kòm kouvèti depotwa nou.

Alò, ou ka wè, soti nan pi gwo objè yo rive nan pi piti yo, nou fè tout

sa nou kapab avèk resous enèji renouvlab etonan sa a : dechè ou yo.

Pwochèn fwa ou mete bin vèt ou a sou twotwa a, ou va konprann poukisa nou di : **ANYEN PA GASPIYE.**

